



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO INISYATIV POU PWOTEJE PASAJE  
METWO AK TRAVAYÈ TRANSPÒ PIBLIK YO LÈ LI OGMANTE PATWOUY POLIS  
YO EPI ENSTALE PLIS FONKSYON SEKIRITE**

*Nan patenarya ak NYPD, chak metwo ap genyen yon ofisye an inifòm sou li ant  
9:00 p.m. ak 5:00 a.m.*

*Y ap enstale nouvo baryè pwoteksyon sou platfòm yo nan plis pase 100  
estasyon; Y ap enstale ekleraj LED nan tout estasyon metwo yo pou ogmante  
vizibilite*

*Y ap modènize baryè tarifè yo nan plis pase 150 estasyon pou lite kont fwod nan  
transpò*

Gouvènè Hochul te anonse jodi a nouvo etap konplè pou ogmante prezans fòs lòd, ogmante resous piblik epi ranfòse politik sante mantal pou fè sistèm transpò an komen an gen plis sekirite pou Nouyòkè yo. Nouvo mezi sa yo genyen ladan yo patenarya ak ofisyèl Vil New York yo pou ogmante patwouy NYPD sou platfòm ak tren metwo yo; enstale nouvo baryè pwoteksyon yo sou platfòm metwo yo pou pwoteje pasaje yo; modènizasyon baryè antre yo epi diminye sòti yo pou lite kont evazyon tarifè a; ajoute ekleraj LED nan tout estasyon yo pou ogmante vizibilite; epi modènize ak ranfòse lwa sou sante mantal yo pou asire ke Nouyòkè ki gen maladi mantal grav yo konekte ak swen olye yo rete abandone sou tren ak platfòm yo. Nouvo etap sa yo kontinye angajman pou priyorize sekirite piblik epi pwoteje pasaje ak travayè yo nan tout sistèm metwo a.

"Se priyorite mwne pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite — e sa vle di asire ke yo santi chak vwayajè ak travayè an sekirite nan metwo nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Okenn moun pa ta dwe pè pou yo viktim krim pandan y ap deplase pou ale travay, ale lekòl oswa amize yo nan yon sòti le swa — se poutèt sa n ap fè patenarya ak fòs lòd, k ap amelyore enfrastrikti nou epi asire ke Noyòkè k ap goumen ak sante mantal yo jwenn sipò yo bezwen."

**Ogamante Prezans Fòs Lòd nan Tout Sistèm nan**

Gouvènè Hochul ap fè patenarya ak Vil New York pou ogante prezans Depatman Polis New York (New York Police Department, NYPD) sou platfòm ak tren yo lè yo ogmante

nivo patwouy yo anplis Manm Gad Nasyonal ki te deplwaye nan sistèm transpò an komen an. Apeprè 750 ofisye NYPD ap estasyon atravè Vil New York ak yon lòt 300 nan tren yo menm. Ogmantasyon fòs lòd la ap priorize 30 estasyon metwo ak sant transpò an komen ki totalize 50 pousan krim nan sistèm transpò an komen an.

Gouvènè a ap travay ak Vil New York tou pou ogmante patwouy polis sou chak tren lannwit pou sis semèn k ap vini yo. Ofisye NYPD yo ap travay soti 9 p.m. jiska 5 a.m., epi ap genyen yon ofisye an inifòm sou chak tren metwo a k ap sèvi pandan èdtan sa yo.

Ekspansyon patwouy fòs lòd yo apiye anons anvan Gouvènè a nan desanm 2024 pou ajoute yon lòt 250 manm Gad Nasyonal la pou sipòte sekirite metwo a, k ap mete yo a yon total 1,000 Gad Nasyonal ki estasyon nan antre metwo a nan pwen nan tout Vil New York.

### **Nouvo Resous Sekirite Piblik pou Pwoteje Pasaje yo epi Anpeche Evazyon Tarifè**

Gouvènè Hochul ap bay finansman pou enstale baryè nan bò kè yo nan plis pase 100 lòt estasyon nan fen 2025 lan. Seleksyon estasyon pou pwosesis enstalasyon an ap priorize fezabilite, ki enkli estasyon ki gen pozisyon pou kanpe tren regilye yo nan segman tren **1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, F, M** ak **L** yo. Pami liy tren sa yo, y ap priorize estasyon ki gen nivo pasaje ki pi elve ak platfòm ensilè yo.

Pou abòde evazyon tarifè a, Gouvènè Hochul ap investi nan baryè antre modèn nan plis pase 20 estasyon atravè sistèm nan an 2025, ak yon lòt 20 estasyon an 2026. Anplis, baryè sòti yo ap retade nan 150 lòt estasyon nan yon efò pou diminye evazyon tarifè a. Sou demann Gouvènè a, MTA ap priorize estasyon ki gen trafik pasaje ki pi wo yo, fonksyon aksesibilite ak sila ki gen evazyon tarifè ki pi wo yo. Yo te solisite konsepsyon pilòt yo itilize nan deplwaman an atravè " Demann Enfòmasyon" MTA a pou kalifye pwochè jenerasyon baryè antre atravè sistèm nan. Yo pwograme enstalasyon inisyalyal la ap kòmanse nan 42 St-Port Authority, Delancey St-Essex St ak Roosevelt Av-Jackson Heights.

Gouvènè a ap bay finansman tou pou enstale ekleraj LED nan tout estasyon metwo nan tout sistèm nan k ap ogmante vizibilite nan tout estasyon yo.

Nouvo investisman sa yo apiye deplaman anvan Gouvènè a nan pwogram ak resous sekirite piblik nan tout sistèm metwo a, ki enkli yon nouvo pwopozisyon pou entèdi agresè vwayajè ak travayè nan transpò an komen yo, amelyore kowòdinasyon ant fòs lòd ak pwokirè distri yo, epi enstale nouvo kamera nan tren metwo nan tout sistèm nan pou ede pwoteje konsomatè, chofè ak anplwaye yo.

### **Ogmante Patenarya ak Resous Sante Mantal**

Inisyativ Soutyen Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) Gouvènè Hochul la te fè apeprè 850 moun ki te san lojman fè tranzisyon ki reyisi nan lojman pèmanan epi kontinye fè pwogrè. Ekip SOS la te ki deplwaye atravè Eta Nouyòk te souvan rankoutre moun ki eksperimante bezwen medikal ak psikyatrik ki pa satisfè. Pou abòde eka sa,

Gouvènè Hochul ap ajoute prestatè medsin nan lari ak psikyat nan lari nan ekip SOS nan tout eta a. Prestatè sa yo ap bay swen ki apwopriye dirèkteman bay moun pandan sansibilizasyon, amelyore aksè nan evalyasyon psikyatrik ak tretman medikal san yo pa mande moun yo kite sa yo posede oswa chèche swen nan lopital. Apwoch sa ap ranfòse konfyans, konstui rapò epi ankouraje moun yo aksepte sèvis yo epi fè tranzisyon andedan, k ap amelyore rezilta pou rezidan New York ki pi vilnerab yo.

Anplis — pou ede diminye moun ki sanzabri yo plis nan sistèm metwo a — Gouvènè Hochul ap travay ak Sèvis Depatman Sèvis pou Moun ki Sanzabri Vil NY la (NYC Department of Homeless Services) pou ogante modèl 24/7 “Sant Dakèy” ki toupre liy sòti estasyon yo epi k ap kreye espas nan estasyon yo ki gen yon gwo prezans moun ki sanzabri pou ekip sansibilizasyon mobil nou yo konekte pi byen epi kowòdone sèvis yo.

Gouvènè Hochul te anonse anvan, yon investisman 20 milyon dola pou ogmante Ekip Sansibilizasyon ak Ko-Entèvansyon nan Metwo (Subway Co-Response Outreach Teams, SCOUT) nan tout sistèm nan dis pa dis nan 2025, nan kad plan senk pwen li a pou pwoteje Nouyòkè yo nan metwo. Ekip SCOUT yo fòme pou adrese ka ki pi grav nan kriz sante mantal nan sistèm metwo a epi ede Nouyòkè yo jwenn aksè nan tretman sante mantal ak lojman ki bay sipò.

Gouvènè a te li yon priyorite nan administrasyon li a, pou ranfòse sistèm sante mantal Eta Nouyòk la, fè investisman istorik nan lojman pou moun ki gen maladi mantal epi mande yon gwo ogmantasyon nan kapasite kabann psikyatrik yo nan sistèm lopital kominotè ke eta a dirije yo. Anplis, inisyativ li a te ogmante sèvis prevansyon yo, amelyore kouvèti asirans, epi ogmante sèvis ekstèn pou moun ki gen maladi mantal yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)